



# Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan DPU ak EFBS

Odyans Kòmantè Piblik

3 Novanm, 2025


# Lojistik Entèpretasyon

➔Entèpretasyon Lang ap ofri an: Español, Português, Kreyòl ayisyen, Tiếng Việt, 话, and American Sign Language (ASL).

- To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
- Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”.
- Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”.
- Pou rantr nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”.
- 话议请单击语图标选择 “Chinese”.
- Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhấp vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.

➔Tanpri pale dousman.

➔Tout patisipan dwe chwazi yon chanèl lang, menm si yo ap gade prezantasyon an an Anglè.



# Ajanda

- 6:00-6:35: Remak Ouvèti
- 6:35-7:00: Prezantasyon sou Pwogram Sipò Entèvenan
- 7:00-7:05: Kesyon ak Repons Pwosedè Rapid
- 7:05-7:15: Poz
- 7:15-8:00: Peryòd Kòmantè
- 8:05-8:15: Poz
- 8:15-8:55: Peryòd Kòmantè
- 8:55-9:00: Remak Fèmen

# Remak Ouvèti

# Prezantasyon Anplwaye

- Etabli Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan an (G.L. c. 25, §12S)
- Mande pou regleman yo pibliye anvan 1ye Mas, 2026 (G.L. c. 164, § 149)
- Etabli Divizyon Patisipasyon Piblik DPU a (DPP) (G.L. c. 25, § 12T)
- Bay DPP responsabilite pou jere tout aspè Pwogram nan (G.L. c. 164, § 149)

## **Objektif Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan an**

- Bay asistans finansye pou antite ki kalifye (pa egzanp, gwoup kominotè, ti minisipalite) ki pa kapab patisipe nan pwosedi devan DPU ak EFSB akòz difikilte finansye
- Pèmèt benefisyè sibvansyon yo kouvri frè pou avoka, temwen ekspè, ekspè kominotè, depans administrativ, ak lòt depans ki kalifye
- Pèmèt vwa ak pèspektiv divès nan pwosesis desizyon ki gen rapò ak enèji

- ✓ G.L. c. 25, §18 ak G.L. c. 25, §12S otorize DPU pou fè evalyasyon ak apwopriyasyon sa yo nan Fon Sipò Entèvenan an :
  - Fè yon taks 0.1% sou revni operasyon entèn nan konpayi elektrik ki anba jiridiksyon DPU. Yon pati nan taks sa a ap kredite nan Fon an;
  - Fè yon taks sou revni operasyon entèn nan konpayi gaz ak elektrik ki anba jiridiksyon DPU pou pwodwi yon kantite ki pa depase \$3.5 milyon chak ane pou sipòte Pwogram nan;
  - Yon pati nan frè aplikasyon EFSB a ap kredite nan Fon an;
  - Apwopriyasyon ki espesifikman rezève pou transfere nan Fon an;
  - Sous ki pa sòti nan kontribyab oswa revni ki sòti nan investisman lajan ki kredite nan Fon an; epi
  - Lajan ki pa depanse yo ap kredite kont taks ki fèt ane annapre a, epi taks nan ane fiskal kap vini an ap diminye pa kantite ki pa depanse a.

# Pati ki Kalifye pou Finansman Sibvansyon Sipò Entèvenan

220 CMR 34.03

- ✓ Òganizasyon ak antite ki defann enterè kliyan rezidansyèl yo, defini selon zòn jewografik oswa selon enterè pataje espesifik.
- ✓ Òganizasyon ak antite ki defann enterè popilasyon rezidansyèl ki gen revni ba oswa mwayen, rezidan kominote ki istorikman majinalize, chaje twòp oswa ki manke sèvis
- ✓ Enstitisyon gouvènmantal yo, tankou ajans planifikasyon rejyonal yo, tribi ki rekonèt pa gouvènman federal la, tribi ki rekonèt pa leta a oswa tribi ki rekonèt pa leta a
- ✓ Yon gwoup moun ki ka afekte espesyalman ak anpil pa yon pwosedi

Sèl pati ki te resevwa estati entèvenan nan yon pwosedi DPU oswa EFSB ki kalifye pou resevwa sibvansyon.

Endividi ak Patisipan Limite yo pa kalifye pou resevwa finansman sibvansyon.

# Kritè Elijiblite pou Finansman Sibvansyon 220 CMR 34.03(1)



1. Si yon aplikan manke resous finansye



2. Si aplikan an te deja entèvni nan yon pwosedi oswa patisipe depi kreyasyon Pwogram nan.



3. Kijan aplikan an pwopoze pou kontribye konsiderableman nan pwosedi a



4. Si aplikan an pwopoze yon plan ki posib, rezonab, epi ki deklare klèman pou patisipe nan pwosedi a



5. Si aplikan an gen yon pèspektiv inik ki pa byen reprezante pa lòt pati nan pwosedi a



6. Kantite lajan ak rezonabilite fon yo mande yo ak itèm bidjetè yo pwopoze yo

Kritè kalifikasyon 1 ak 2 yo sòti nan G.L. c. 164, § 149 (b) nan Lwa Klima 2024 la. Minisipalite ki gen yon popilasyon ki mwens pase 7,500 egzante de kritè sa yo.

# Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan DPU ak EFSB

## Kalandriye Aplikasyon Sibvansyon an ak Desizyon yo 220 CMR 34.05

- Fòm aplikasyon yo ta dwe soumèt pa pita pase dat limit pou entèvni nan yon pwosedi DPU oswa EFSB jan sa espesifye nan avi pwosedi a
- Yo revize aplikasyon an pou wè si l konplè nan yon delè 10 jou ouvrap apre li resevwa li
- DPP ka fè atribisyon sibvansyon kondisyonèl, depi sibvansyon an pa bay jiskaske estati entèvenan an konfime
- Y ap fè yon detèminasyon alekri sou apwobasyon sibvansyon ak desizyon peman pou tout aplikan yo nan lespas 30 jou apre dat limit la pou aplike pou finansman entèvenan an
- Desizyon Direktè DPP sou si wi ou non pou apwouve finansman sibvansyon an final e li pa sijè a okenn revizyon anplis

## Finansman Sibvansyon 220 CMR 34.06

- Prim sibvansyon pou yon sèl pwosedi DPU oswa EFSB pa ta dwe depase \$150,000 pou chak pati, ak \$ 500,000 o total pou yon sèl pwosedi
- Finansman an ka ogmante depase maksimòm sa yo lè yo demontre yon rezon valab oswa si gen pwoblèm inabityèl, nouvo, konplèks ki parèt
- DPP dwe anvizaje posiblite pou entèvenan ki resevwa finansman sibvansyon an pataje depans lè pozisyon yo aliyen

1. Yon deklarasyon ki dekri lajè ak limit patisipasyon ki prevwa pou aplikan an nan yon pwosedi. Yon deskripsyon sou fason lajan yo pral itilize ak kijan aplikan an prevwa fè yon kontribisyon konsiderab
2. Yon estimasyon detaye depans ak frè avoka, konsiltan, ak ekspè yo prevwa yo (tankou ekspè kominotè yo) ak tout lòt depans pou patisipasyon nan yon pwosedi
3. Enfòmasyon debaz sou avoka, konsiltan, ekspè (tankou ekspè kominotè) aplikan an prevwa kenbe ak sèvis yo chak pral bay
4. Yon deklarasyon ki dekri pozisyon ak nati enterè aplikan an reprezante yo, ak yon rezime kesyon ak enkyetid ki te souleve pandan reyinyon angajman anvan depo yo, si sa aplikab

5. Kantite lajan y ap cache
6. Yon deskripsyon tou kout sou òganizasyon k ap chèche sibvansyon an, nati travay òganizasyon an, ak yon ekspoze pou demontre patisipasyon nan pwosedi a pral yon gwo difikilte finansye
7. Nimewo dosye a (yo) ak tit ka a (yo) nan ansyen pwosedi DPU ak EFSB aplikan an te patisipe ladan
8. Yon gwoup moun ki pa òganize k ap aplike pou yon sibvansyon ta soumèt tou yon oto-atestasyon ki gen ladan non ak adrès tout moun nan gwoup k ap mande finansman an, kantite volontè adisyonèl oswa sipòtè si sa aplikab, ak yon ekspoze pou demontre nivo difikilte finansye yo.



Demann peman sibvansyon yo ka **soumèt davans** anvan depans yo fèt lè yo montre difikilte finansye. Jiska 10% nan valè sibvansyon an ka bay anvan depans yo fèt.



Demann lan pral gen ladan enfòmasyon debaz sou benefisyè a (egzanp, non, adrès, detay kontak), # dosye pwosedi ak tit ka a, kantite lajan sibvansyon yo bay la, lajan yo resevwajiska dat



Avans peman an ta dwe gen ladan detay detaye sou depans yo prevwa ak yon deskripsyon tou kout ak fakti yo. Peman sibvansyon yo pral fèt nan lespas 30 jou apre yo resevwa demann yo.



Yo ka mande peman sibvansyon an **kòm ranbousman** depans plizyè fwa pandan yon pwosedi pandan depans yo ap fèt



Demann lan pral gen ladan enfòmasyon debaz sou benefisyè a (egzanp, non, adrès, detay kontak), # dosye pwosedi ak tit ka a, kantite lajan sibvansyon yo bay la, lajan yo resevwajiska dat



Avans peman an ta dwe gen ladan detay detaye sou depans yo prevwa ak yon deskripsyon tou kout ak fakti yo. Peman sibvansyon yo pral fèt nan lespas 30 jou apre yo resevwa demann yo.

Egzijans Konfòmite yo

- Nan 30 jou apre pwosedi a fini, benefisyè a dwe soumèt yon rapò ki gen detay sou
- (i) Fason lajan yo te itilize;
  - (ii) Kontribisyon konsiderab benefisyè a nan pwosedi yo; epi
  - (iii) Demontre patisipasyon yo ak itilizasyon finansman yo pa t retade pwosedi a.
- Si yon benefisyè fè apèl kont yon desizyon final, li gen yon sipleman 30 jou depi dat limit pou fè apèl la pou soumèt rapò a.

## Itilizasyon Elijib Finansman Sibvansyon an (G.L. c. 164, § 149 (g))



Kenbe avoka kalifye, ekspè enkli ekspè kominotè ki kalifye ak konsiltan pou pwosedi yo ki endike nan Aplikasyon Sibvansyon an.



Jiska 10% ka itilize pou depans administrativ ki pa legal, pa ekspè, epi pa konsiltan ki gen rapò ak patisipasyon. Depans sa yo ka enkli pri pou prepare Aplikasyon Sibvansyon an, si yo te anboche yon twazyèm pati, epi yo dwe limite a pa plis pase 5% nan total valè sibvansyon an.


## Itilizasyon ki pa Elijib pou Finansman Sibvansyon



Achte oswa lwe ekipman



Lòbi politik ki gen rapò ak pwojè a



Piblisite oswa depans maketing pou pibliye opinyon aplikan an sou pwosedi a



Depans pou fè apèl kont desizyon final DPU oswa EFSB nan yon pwosedi

# Efò Sansibilizasyon pou Pwogram nan ak Swivi Endikatè yo

G.L. c. 164, § 149 (k) egzije Direktè DPP a devlope:



Materyèl edikatif aksesib, nan plizyè lang, epi nan yon langaj senp ki baze sou entènèt, tankou fòm ak modèl pou enfòmè benefisyè potansyèl yo ak piblik la sou Pwogram nan



Yon pwogram sansibilizasyon solid vityèl ak an pèsòn pou enfòmè benefisyè potansyèl yo ak piblik la sou opòtinite finansman yo

G.L. c. 164, § 149 (j) egzije DPP a pou:



Dekri nan rapò anyèl li tout aktivite Fon an egzanp, lajan yo bay, kantite aplikan yo, ak enpak ak kontribisyon entèvenan yo nan pwosedi DPU ak EFSB yo.

Seksyon 136 Lwa 2024 sou Klima a egzije DPP a:



Revize Pwogram nan pa pita pase 1ye jen 2029, epi bay piblik la opòtinite pou fè kòmantè pou detèmine si Pwogram nan ak règleman ki koresponn yo ta dwe amande.

- Èske gen òganizasyon ki baze nan Massachusetts ki ka sèvi kòm patwone fiskal pou aplikan sibvansyon yo, espesyalman yon gwoup moun (asosyasyon ki pa enkòpore)? DPP ta renmen devlope yon lis òganizasyon ki ka jwe wòl sa a pou moun k ap resevwa sibvansyon yo.
- Kote nou ka jwenn enfòmasyon oswa ak kiyès nou ka travay pou mete ansanm yon echèl frè endikatif pou avoka ak temwen ekspè k ap travay sou ka ki gen rapò ak travay DPU ak EFSB? Sa pral sèvi kòm yon resous enpòtan pou aplikan sibvansyon yo.
- Ki resous ki disponib pou konekte aplikan sibvansyon ki enterese yo ak konsèy legal?
- Èske ranbousman depans administratif ki gen rapò ak prepare Aplikasyon Sibvansyon an ta dwe limite a 5 pousan jan sa pwopoze nan 220 CMR 34.07(1)?

# Odyans Kòmantè Piblik

Reyinyon an pral rekòmanse talè.

# Direktiv Jeneral pou Kòmantè Piblik

- Tanpri limite kòmantè ou yo a apeprè 3 minit.
- N ap fè altènans ant moun k ap fè kòmantè an pèsòn ak moun k ap fè kòmantè vityèl.
- N ap eseye reponn a otan kòmantè ke posib, selon sijè a ak tan ki disponib.

# Odyans Kòmantè Piblik

Reyinyon an pral rekòmanse talè.

# Odyans Kòmantè Piblik k ap vini

- Odyans pou Kòmantè Piblik 4



- Mèkredi, 5 Novanm, 6:00-9:00 p.m.



- North Shore Community College, 300 Broad St, Lynn, MA 01901, Cafeteria

# Soumèt Kòmantè Ekri

- Sou Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvnèn (D.P.U. 25-75), nan [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov) and [julianne.desmet@mass.gov](mailto:julianne.desmet@mass.gov)
- Sou EFSB 25-10, nan [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov) ak [sitingboard.filing@mass.gov](mailto:sitingboard.filing@mass.gov)
- **Dènye dat pou soumèt kòmantè ekri: 7 Novanm, 2025**
- Kòmantè yo ta dwe voye kòm yon atachman, epi imèl la ta dwe gen ladan nimewo dosye a, non moun/oswa antite k ap soumèt dokiman an, ak yon ti deskripsyon dokiman an. Imèl la ta dwe gen ladan tou enfòmasyon kontak (non, tit, nimewo telefòn) an ka gen kesyon.
- Kòmantè yo pral aksesib piblikman epi yo pral poste nan FileRoom DPU a.

# Kontak

- Imèl pou kesyon sou odyans kòmantè oswa règ: [sitingboard.filing@mass.gov](mailto:sitingboard.filing@mass.gov)
- Paj wèb D.P.U. 25-75 pou Sibvansyon Sipò Entèvenan: <https://www.mass.gov/info-details/dpu-25-75-proposed-rulemaking>
- Paj wèb EFSB 25-10 pou pake règ EFSB: <https://www.mass.gov/info-details/efsb-25-10-proposed-rulemaking>

**Mèsi paske ou te patisipe avèk nou! Odyans piblik jodi a sou Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvnèn ak pake règ EFSB a fini.**

**Nou ta renmen tande ou.** Tanpri patisipe avèk nou an pèsòn oswa sou entènèt pou dènye odyans piblik nou an nan Mèkredi, 5 Novanm, 6:00 p.m. North Shore Community College, 300 Broad St, Lynn, MA 01901, Kafeterya @ 6 p.m.

Lyen pou patisipe sou entènèt- <https://www.zoomgov.com/j/1612425626>  
Dènye dat pou soumèt kòmantè ekri: **7 Novanm, 2025**

Pou plis enfòmasyon, vizite: <https://www.mass.gov/info-details/energy-infrastructure-siting-and-permitting-reforms>